# Bible for Shildren

# Di Miracle wey Jesus do




Na Edward Hughes write am

Na Byron Unger; Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson Illosrate am

Na Bob Davies; E. Frischbutter; Sarah S. Adapt am

Na www.christain-translation.com translate am



Na Bible for Children produce am
www.M1914.org



©2022 Bible for Children, Inc.
License: You get di right to copy or print dis story, as long as you nor dey sell am.




Jesus do plenty miracle dem. Miracle na sign to show say Jesus be original God Pikin. Di first miracle hapun for one wedding party. Problem show. Enof wine nor dey for evribody.




Mary, wey bi Jesus mama, tell Am about di wahala, she kom tell di servant dem say make dem do anytin wey Jesus komand dem.
3
"Make una put water for di pot dem," Na so Jesus tok. "Water?" maybe na so dem ask am. Yes, na water Jesus ask for.
4
Jesus kom tell one of di servant say make he bring am from di big pot make di oga for di party test am. Di water na wine now! Better wine! Di best wine sef!
5
Di servant dey surprise. Say Jesus don turn water to wine. Na only God fit do dat kin miracle.
6
Jesus do oda miracle dem. For one evening, Him and Him disciple dem go to Peter house. Peter wife-mama dey veri sick with feva.
7
Jesus touch di sick womanhand. Bifor we know she don well again. She kom stand up to give Jesus and Him disciple dem food.
8

He kom bi like say na di whole town gada for door dat evening. Sick pipo kom-pipo wey nor dey see, pipo wey nor dey hear, pipo wey nor fit tok, pipo wey nor fit waka. Even pipo wey get demon for inside bodi gada kom meet Jesus. He fit hep many pipo?



9

Jesus, God Pikin, fit hep. Jesus dey hep. Everibodi wey kom meet Am dey heal. Pipo wey drag dem sef kom with walking-stick fit waka and fit run and jump sef.



10

Oda Pipo sef kom wey dey ugly with leprosi.



11

Dem dey heal and klin as Jesus heal dem.



12

Men and Women wey dem get wahala with demon stand for Jesus front. He kom and di demon make dem komot. As di demon dem obey, pipo wey dey fear, pipo wey nor hapi kom dey gentu and get joy sef.



13

For back of di pipo, four men dey try hep dia friend to sse Jesus. But dem nor fit near. Wetin dem fit do?



14

Dem cari di sick man klimb roof of di house, di four better friends komot di roof and Carrie dia friend down. Now, him kom dey close to Jesus.



15

Jesus see say di four friends get faith. He kom tell di sick man, "Your sin don get forgiveness. Carri you bed dey waka." Di man stand up, him dey well and strong. Jesus heal am.



16

Afta, Jesus dey for inside boat with him disciple dem. One big breeze dey carri di water. Jesus dey sleep. Di disciple dey fear dem wake Am. "Lord make you save us," dem cry. "We don finish".



17

"Kalm down" Jesus komand di wave. Sharp-sharp, di water dey Kalm. "Which kin man bí dis?" Him disciple dem dey tok small-small. Even di breeze and water dey obey Am. Dem believe say Jesus na God pikin bicos Him miracle dey show God glory. Di disciple nor sabi am,



but dem go see Jesus do even big miracle as Him dey serve God among men.

18

Di Miracle wey Jesus do

Story wey kom from di Word of God, di Bible,

dey for inside

Matthew 8-9; Mark 1-2, 4;
Luke 4, 8; John 2

"Di tishing for your word dey give lite."
Psalm 119:130

19

# Na Di End

40 60

20

Dis Bible story dey yarn us about our wonderful
Baba God wey kreate us and Hin wan make wi sabi Am.

God sabi sey wi don do bad tins, wey Hin dey call sin. Di punishment for sin na die, but Baba God love you too much wey Hin kon send Hin only Pikin, Jesus, make Hin kom die on top Kross and make dem punish am for your sins. Den Jesus kon kom back to life and kon go back to Heaven! If you believe inside Jesus and you kon ask Am to forgive your sins, Hin go do am! Hin go kom and live inside you now, and you go live wit Am foreva.

If you believe sey dis na di truth, tok like dis to God: Dear Jesus, I believe sey You bi God, and kon bikom man to die for my sins, and now You dey live again. Abeg kom inside my life and forgive my sins, so dat I go fit get new life now, and one day I go fit dey wit You foreva. Helep me to obey You and live for You as Your pikin. Amen.

Read di Bible and tok wit God every day! John 3:16